Психологон уавæр

Адæймаг худгæ куы фæкæны, уæд фезмæлы цæсгомы 43 нуары, æнкъард куы вæййы, уæд та змæлы 18 нуары. Цы хуыздæр у? Æнкъард уæвын кæнæ æппынæдзух худын.

Йе ’ууæл номдарæн æвдисын,
уый цæмæй зына æргом.
Бирæ хæстæ химæ исын,
базон-ма, куыд у мæ ном.

Урочы темæ:

«Миногон фæлхат кæнын»

Урс-урсид адарынц фæзтæ,-
С ’урс вæййынц хъæды бæлæстæ,
Басыйынц уадултæ, фындз.
Уазалæй сырдтæ тыхсынц!..

Урочы хæстæ

1. Зæрдыл æрлæууын кæнын миногоны тыххæй рацыд æрмæг.
2. Фæарфдæр кæнын скъоладзауты зонындзинæдтæ миногоны тыххæй, æрдзурын, цаваер грамматикон æууæлтæ æмæ хуызтæ ис миногонæн, хъуыдыйады мидæг цаваер уæнгтæ вæййынц. Диалогон ныхасыл бакусын.
3. Хуызджын миногонтæй раст пайда кæнын нæ ныхасы.

Æртхъирæны мæйы цыппæрдæсæм бон.
Цыппæрæм.
Къласы куыст.

Сыгъдæгфыст

Сыгъдæг, ныллæг,
мæллæг,
хъæддаг, уæззау,
адджын.



Ссарын уæлдай дзырдтæ:

- фæззыгон, сæууон, зæхх, митын
- быдырон, райдзаст, хæххон, бæлас
- рог, бæрзонд, уæрæх, ком, уалдзыгон
- талынг, æрттиваг, хур, æрвхуыз

Цы у миногон?

Миногон у – ныхасы хай, кæцы нысан кæны предметы æууæл æмæ дзуапп дæтты ахæм фæрстытæн цавæр? цыхуызæн?


хъызт
даргъ
уазал
митджын
цыбыр

Хæмпус мит

Фœлмœн мит

Ногуард мит

Ссар рæдыдтæ

Залты мит ныуарыд,
Джихæй бажад хъæд.
Урс миты æврæхтæй
Бæлæстæ- æхгæд.

Фæбæрæг кæн номдартæ (+), миногонтæ та (-).

	Номдар	Миногон
1. Рæсугъд		
1. Цæргæс		
1. Бæлццон		
1. Морæ		
1. Бæрзонд		
1. Нартхор		
1. Æфсымæр		
1. Тыхджын		
1. Уазал		
1. Сырддонцъиу		

Физминуткæ

- Къухты нæмттæ хъуамæ зонай, Иу дзы «рахиз» хъуамæ хонай,
- «Галиу»-иннæмæн йæ ном,
- Иумæ баст сты æнгом.Иумæ куыстытыл тыхсынц,
- Иумæ дзаумæттæ ныхсынц,
- Иумæ сын сæ дон лæмарынц,
- Хорз кæрæдзийы æмбарынц.
- Рахиз къух дæтты салам,
- Ма фæрæди макуы ам!
- Рахиз дамгъæтæ фыссы,
- Галиу гæххæттыл хуыссы…

Тест

1. Цы нысан кæны миногон?
   а) предмет
   б) предметы æууæл
   в) предметы архайд
2. Цавæр фарстытæн дзуапп дæтты миногон?
   а) цавæр? цы хуызæн?
   б) чи? цы?
   в) кæм? куыд?
3. Цавæр ныхасы хаимæ баст вæййы миногон?
   а) мивдисæгимæ
   б) нымæцонимæ
   в)номдаримæ
4. Миногонтæ вæййынц:
   а) сæрмагонд
   б) иумæйаг
   в) миниуæгæвдисæг
   г) ахастæвдисæг
5. Арæхдæр цавæр хъуыдыйады уæнгтæ вæййынц миногонтæ?
   а) сæйрат
   б) зæгъинаг
   в) бæрæггæнæн

www.hotdw.com

Миногон

ныхасы хай

Æвдисы предметты æууæл

Цаваер?

баст вæйиы номдаримæ

Ома се’ддаг бакаст, сæ конд, сæ хуыз, сæ ас, сæ хъару, сæ уавæр

цыхуызæн?

Миногонты руаджы нæ ныхас кæны бæлвырддæр æмæ аивдæр


Базон–
базонтж

- Цъæх, зыдгæнаг, хъæддаг сырд…
- Налат, бур къæдзилджын…
- Тæрсаг, æнæхъару, тæппуд…
- Стыр, æнарæхст, зылынкъах…

РЕФЛЕКСИ

- **Урок уыд …**
- **Урочы мæхи æнкъардтон …**
- ***Æз разы дæн мæ куыстæй урочы…***

Хæдзармæ куыст

Ныффыссын цыбыр нывæцæн
«Мæ уарзон цæрæгой»